



# PWOTEJE FANMI OU YO, KOMINOTE OU YO, AK ANVIWÒNMAN AN ELIMINE AN SEKIRITE MEDIKAMAN KI PA ITILIZE YO

## KISA OU DWE FÈ AVÈK MEDIKAMAN OU KI EKSPIRE OSWA KE OU PA BEZWEN ANKÒ YO

Gen yon kantite fason pou elimine medikaman ki  
ekspire oswa ke ou pa bezwen.

Ale sou [www.medtakebacknewyork.org](http://www.medtakebacknewyork.org) pou aprann plis.



ANPLASMAN  
KYÒS PRATIK



TOUNEN YO PA  
KOURYE



EVÈNMAN POU  
REPRAN YO

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram  
nan, ale sou [www.medtakebacknewyork.org](http://www.medtakebacknewyork.org)  
oswa rele (844) 482-5322



## POUKISA LI ENPÒTAN POU SANTE PIBLIK POU ELIMINE MEDIKAMAN YO SAN DANJE?

**Bon eliminasyon  
medikaman ki pa itilize  
yo sove lavi moun epi li  
pwoteje anviwònman an.**

- Medikaman sou preskripsyon ki pa itilize oswa ki ekspire ka mennen nan anpwazonman pa aksidan, ovèdòz, epi abi.
- Yo ka rekipere epi abize medikaman preskripsyon ki pa itilize yo jete nan fatra, oswa yo ka vann yo ilegalman.
- Medikaman ki pa itilize ki flòch nan twalèt kontamine apwovizyonman dlo a.



# PWOTEJE FANMI OU YO, KOMINOTE OU YO, AK ANVIWÒNMAN AN ELIMINE AN SEKIRITE MEDIKAMAN KI PA ITILIZE YO

## ANVAN ELIMINASYON VERIFYE ANBALAJ LA

Si gen machaswiv byen presi pou eliminasyon an sou etikèt la, sou pakè a oswa sou avi ki vini avèk pakè a, tanpri swiv machaswiv sa yo.

## OPSYON POU ELIMINASYON



### ANPLASMAN KYÒS PRATIK POU DEPOZE YO

Pou jwenn anplasan kyòs eliminasyon pou depoze medikaman nan zòn ou an, ale sou [www.medtakebacknewyork.org](http://www.medtakebacknewyork.org)



### ANVLÒP POU VOYE TOUNEN PA KOURYE

Sèvis pou Tounen Medikaman Ou Pa Bezwen yo pa Kourye. Vizite seksyon Mail-Back la nan [www.medtakebacknewyork.org](http://www.medtakebacknewyork.org) pou w kòmande yon Pakè pou Voye Tounen pa Kourye.



### EVÈNMAN POU REPRAN YO

Evènman lokal pou Repran Medikaman yo ofri rezidan yo yon fason gratis ak pratik pou yo elimine medikaman ki ekspire oswa ke yo pa bezwen ankò. Vizite seksyon Evènman pou Repran Medikaman yo (Take-Back) sou sit DEA a nan [takebackday.dea.gov](http://takebackday.dea.gov) pou jwenn enfòmasyon sou evènman yo nan zòn ou an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, ale sou [www.medtakebacknewyork.org](http://www.medtakebacknewyork.org) oswa rele (844) 482-5322

## KISA OU KA ELIMINE NAN YON KYÒSK OSWA YON ANVLÒP RETOU PA KOURYE?



### AKSEPTE:

Medikaman nan nenpòt fòm dòz, eksepte sa yo ki mansyone anba a, nan veso orijinal yo oswa kachte.\*

\*Si w transfere medikaman yo nan yon sachè kachte, tanpri asire ke w resikle tout anbalaj ki rete a



### PA AKSEPTE:

Remèd abaz plant, vitamin, sipleman, kosmetik, lòt pwodui swen pèsònèl, aparèy medikal, batri, tèmomèt ki gen mèki, bagay file, ak dwòg ilegal.

